



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU ADOPSYON NOUVO
LEJISLAYON KI PWOTEJE AKSÈ POU AVÒTMAN NAN ETA NEW YORK**

"Lakou Siprèm sou wout pou anile Roe v. Wade nan mwa sa - men New York pral pare.

Tankou yon bann Ameriken, mwen te choke pou m aprann ke ekstremis nan tribinal la gen posibilite pou retire dwa pou avòtman nan anile Roe. Desizyon sa a, yon fwa li anonse, pral gen konsekans devastatè pou sante, byennèt ak sekirite ekonomik plizyè milyon fanm nan peyi sa.

Men New York p ap fè bak. Sa gen kèk semèn, mwen te anonse yon investisman nasyonal 35 milyon dola pou sipòte founisè avòtman yo nan New York. Kounye a, gras ak lidèchip detèmine Lidè Majorite Stewart-Cousings, Prezidan Asanble Heastie, ak patnè nou yo nan lejislati a, nou te prepare yon pake nouvo lejislasyon global ki konsantre sou pwoteksyon founisè avòtman yo ak paran yo. Mwen pa ka tann pou m siyen pwojè lwa sa yo.

Pa fè erè: toutotan mwen se Gouvènè, New York ap kontinye yon refij sekirite pou tout sila yo ki bezwen swen pou avòtman".

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418